# Byen ak sèvis ki nesesè pou kenbe oswa pou reprann sèvis gadri yo

SIBVANSYON POU ESTABILIZASYON GADRI

New York State | Office of Children and Family Services

Child Care Stabilization Grants
Help is on the way

# Ou kapab itilize fon yo pou:

- Byen – manje, ekipman ak materyèl pou jwe, aprann, manje, chanje daypè ak fè twalèt, oswa pou dòmi an sekirite
- Sèvis – sèvis fòmasyon ak sipò pou otomizasyon biznis, sèvis pataje, sèvis jesyon swen timoun, sèvis manje ak transpò, jeran oswa netwayaj, fòmatè
- Frè anrapò ak demann sistèm otorizasyon anliy Rejis Santral pou Abi ak Move tretman sou timoun (Statewide Central Register, SCR) nan tout eta a

NEW YORK STATE Office of Children and Family Services

**Manje se petèt youn nan pi gwo depans yo. Byen siveye konbyen repa ou bay chak jou, sa gen ladan repa ou pa jwenn ranbousman pou li nan men Pwogram manje pou timoun ak adilt (Child and Adult Care Food Program, CACFP)**

**Konsève tout dosye ki gen depans pou manje, founiti anrapò ak manje ak sèvis repa (si ou itilize yo) .**



Itilize lajan sibvansyon sa a pou peye pou ekipman ak materyèl ou achte pou jwe, aprann, manje, pou daypè ak fè twalèt, oswa dòmi an sekirite.

Pa egzanp, ou kapab vin wè ou bezwen plis jwèt paske ou netwaye yo pi souvan. Oswa ou kapab bezwen de oswa plis nan yon jwèt byen presi, konsa timoun yo pa oblije ret tann anpil anvan yo pataje jwèt la.

NEW YORK STATE Office of Children and Family Services

## Pou afichaj eletwonik oswa pou vann materyèl izaje yo:

- Vini avèk yon blòk resi oswa ekri enfòmasyon enpòtan sou acha a sou yon moso papye epi mande vandè a siyen li
- Konsève yon kopi piblisite a;
- Fè foto sa w achte a
- Egzamine dosye yo nan fen chak mwa.



-Tom Copeland

# Sèvis ki nesesè pou kenbe oswa pou reprann sèvis gadri yo





- Fòmasyon sou otomizasyon biznis
- Sèvis Sipò
- Sèvis pataje
- Jesyon sèvis swen timoun
- Sèvis manje
- Sèvis Transpò
- Sèvis jeran ak netwayaj
- Fòmatè





# Fòmasyon sou otomizasyon biznis ak sèvis sipò gen ladan bagay tankou swiv sistèm anliy gadri yo



# Alyans Sèvis Pataje: :

Yon ò ganizasyon afilyasyon ki pèmèt founisè gadri aprantisaj yo reyini ansanm pou pataje pri sèvis administratif tankou kontablite ak apwovizyònman atravè yon òganizasyon “hub”

https://www.uschamberfoundation.org/case-study-shared-services-alliances

## Sèvis Jesyon swen timoun kapab genyen:



- Sistèm pewòl anliy
- Sèvis kontablite
- Pwogram enfòmatik pou swiv tan anplwaye

NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

# Sèvis manje:

**Si ou itilize yon sèvis manje pou bay manje nan pwogram ou an, kenbe dosye fakti sa yo – papye oswa elektwonik.**

NEW YORK STATE
Office of Children and Family Services

# Transpò:

Si ou bay sèvis transpò pou pwogram ou an, konsève resi pou acha gaz, asirans machin, ak depans pou fè sèvis nan machin yo, tankou chanje lwil, enspeksyon ak reparasyon.

Si w itilize yon sèvis transpò, konsève fakti oswa resi sa yo nan yon dosye.



NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

## Sèvis Jeran ak netwayaj:

Si w itilize yon sèvis jeran oswa netwayaj pou kenbe pwogram ou an pwòp e dezenfekte regilyèman, oswa ou te itlize youn pou te ede w netwaye aprè yon moun te gen COVID-19, asire w konsève resi oswa fakti sa yo nan yon dosye.



NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

## Sèvis fòmasyon:

Itilize fon sa yo pou peye fòmatè OCFS apwouve ki vini nan pwogram ou an pou fòme anplwaye yo.

Konsève tout dosye oswa fakti ou yo pou nenpòt òganizasyon ekstèn ki bay fòmasyon nan pwogram ou an.

NEW YORK STATE Office of Children and Family Services

## Fon sa yo kapab itilize tou pou peye pou frè anrapò ak:

- Soumèt demann yo bay demann Sistèm otorizasyon anliy Rejis Santral pou nouvo anplwaye oswa anplwaye posib ak volontè nan tout Eta a
- Sèvis konsiltasyon
- Sèvis piblisite ak maketin



Ou PA oblije soumèt resi oswa fakti oswa jwenn yon apwobasyon preyalab pou atik yo nan men OCFS pou w ka jwenn lajan sibvansyon ou an, men ou dwe dokimante jan ou depanse li. W ap bezwen kenbe dosye sou papye oswa dosye elektwonik sa yo 5 lane pou pi piti.

NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

Dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon w lan pou w ka montre ou te sèvi avè l pou amelyore pwogram ou an oswa pou ede w redemare aprè Ijans Sante Piblik COVID-19 la.

# Resous Kiyès kapab Ede:

- Ajans lokal pou Resous ak Referans Gadri (CCR&R)
- Ajans enskripsyon
- Reprezantan sendika
- WHEDco
- Regilatè
- Pwogram Edikasyon ak fòmasyon pou timoun piti (Early Child Education and Training Program, ECETP)
- Rejis Sentral Nan Leta (SCR)[2]
- Tom Copeland
- Pwogram Manje nan Gadri Timoun ak Adilt
- Alyans Sèvis pataje

Gade sit entènèt Sant Èd Estabilizasyon an pou jwenn plis enfòmasyon, mizajou, videyo ak èd biwo nan chak kategori ki nan 8 kategori sibvansyon yo.

**https://ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/**

New York State | Office of Children and Family Services